

Pou Piblikasyon Imedya: 18/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AGRANDISMAN KONPAYI PREPARASYON REPA
RealEats LA NAN KONTE ONTARIO**

***Konpayi Sèvis Livrezon Repa Anbale Sou Vid la pral Ogmante Aktivite l yo nan Vil
Geneva, sa k ap Kreye Jiska 400 Nouvo Djòb***

***Envestisman Sible Eta ap fè yo ap Konplemante Inisyativ “Finger Lakes Forward”
lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope
Ekonomi an***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse agrandisman RealEats, ki se yon konpayi livrezon repa, nan Vil Geneva, Konte Ontario. Gras a sipò eta a, RealEats gen plan pou yo agrandi aktivite yo imedyatman nan etablisman yo genyen nan Geneva epi kreye jiska 400 nouvo djòb pandan senk ane k ap vini yo. RealEats achte, prepare epi ekspedye repa tou kwit, nan anbalaj sou vid nan lokalite yo genyen nan Geneva, kote yo aktyèlman anplwaye 30 moun. Agrandisman an ap plis devlope sektè agrikilti ak tretman pwodwi alimantè dinamik Rejyon Finger Lakes la ki se yon eleman santral nan kad plan devlopman ekonomik yo te konsevwa pou inisyativ rejyonal Finger Lakes Forward la.

“Gran angajman sa a RealEats ap pran pou yo devlope biznis yo a nan Vil Geneva a pral enjekte nouvel vi nan kominote a pandan y ap kreye anpil santèn djòb epi stimile ekonomi lokal yo toupatou atravè rejyon an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk agrandisman sa a, nou ap pwouve yon lòt fwa ankò ke estrateji nou genyen pou nou vanse ekonomi rejyon Finger Lakes la vè lavan ap mache.”

“Agrandisman RealEats ap fè nan Geneva pral plis devlope endistri preparasyon repa nan zòn lan epi kreye jiska 400 nouvo djòb”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi te di.** “Avèk sipò eta a, angajman RealEats pran pou yo opere nan rejyon an pandan y ap itilize pwodwi alimantè yo achte onivo lokal yo ap yon ankourajman pou agrikiltè nou yo. Envestisman sa a ap ajoute sou efò nou kontinye ap fè pou nou vanse inisyativ Finger Lakes Forward la.”

RealEats, ke yo te fonde an 2017, fè livrezon adomisil repa yo kwit avèk pwodwi lokal, ki kontwole an tèm kalori, epi ke chèf kizinye yo prepare pou pote dirèkteman lakay moun. RealEats te chwazi New York, epi espesifikman Vil Geneva, pou yo agrandi paske yo gen syèj santral yo a ki sitiye nan rejyon agrikòl renonme Finger Lakes la. Geneva genyen Fèm Teknolojik la (Technology Farm), ak Sant pou Ekselans nan zafè Manje ak Agrikilti (Center of Excellence in Food and Agriculture) nan Cornell AgriTech yo fenk kreye a - ki se premye etablisman konsa a ki rasanble plizyè patnè ansanm pou yo akselere devlopman biznis nan endistri agrikòl ak alimantè New York la yo.

Y ap sipòte pwojè sa a k ap koute prèske 2 milyon dola atravè 500,000 dola k ap soti nan Sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Finger Lakes Forward la (Finger Lakes Forward Upstate Revitalization Initiative Grant). Konpayi a elijib pou yo resevwa tou jiska 3 milyon dola atravè Pwogram Kredi Enpo Eksèlisyò an (Excelsior Tax Credit Program) an echanj pou angajman yo pran pou yo kreye travay la. Konpayi an ap benefisye tou de 1.1 milyon dola nan fon Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè yo (Community Development Block Grant) ke Renouvèlman Kay ak Kominote (New York State Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te akòde bay Vil Geneva ak Konte Ontario pandan dezan ki sot pase yo.

Dan Wise, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Konpayi a, te di, “Patenarya nou fè ak Eta New York, Konte Ontario ak Vil Geneva te pèmèt RealEats rann li senp pou anpil milye konsomatè jwenn aksè a vrè manje, sa k ap rezoud yon pwoblèm soupe klasik ke Ameriken yo ap konfwonte chak jou. Le fèt ke nou sitiye nan youn nanabri jaden agrikòl ki pi rich nan rejyon nòdès la yo, n ap sipòte fèm ak anlwa onivo lokal, sa yo se modèl nou kwè ki inik k ap gen gwo efè pou yon avni alimantè ki pi ekilibre ak pi dirab. Abondans ki gen nan rejyon sa a ni sou plan agrikòl, ni sou plan talan koresponn pafètman a bezwen RealEats. Nou plis ke fyè pou nou wè ekip Geneva nou an pwodwi bon jan repa ki gen bon gou apati de engredyan lokal yo pou ede Ameriken ki pa gen ase tan yo pi byen pran pi bon swen tèt yo.”

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Howard Zemsky, te deklare, “RealEats se yon jan de patenarya inovatè ke Eta New York la pran angajman pou l sipòte, yon patenarya ki pral kreye djòb ak opòtinite pou kwasans nan endistri agrikòl ak alimantè enpòtan ki gen nan rejyon Finger Lakes la ak toupatou atravè eta a pandan anpil ane k ap vini ankò.”

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, te deklare, “HCR fyè pou nou sipòte RealEats pandan l ap kontinye agrandi, sa k ap pwomouvwa alimantasyon sèn epi pote nouvo djòb nan Vil Geneva. Konpayi pyonyè tankou RealEats yo k ap tabli yo nan New York ap konplèman envestisman n ap fè nan sektè lojman yo, ranfòse tisi kominote yo, epi vanse inisyativ Finger Lakes Forward la pou tout rejyon an nèt.”

Prezidan Inivèsite Kominotè Monroe a (Monroe Community College), Anne Kress ak Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Cham Komès Rejyon Metwopolitèn Rochester a (Greater Rochester Chamber of Commerce), Bob Duffy, ki se de Koprezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la (Finger Lakes Regional Economic Development Council) te di, “REDC rekonèt ke biznis agrikilti ak pwodwi alimantè yo ap chanje byen rapid avèk konsomatè k ap mande pwodwi alimantè sen, bon jan kalite, yo kiltive onivo lokal. RealEats pral ede satisfè demann sa yo epi plis devlope ekosistèm pwodwi alimantè klas mondyal ki ap fè vanse rejyon Finger Lakes la vè lavan.”

Senatè Eta, Pamela Helming, te deklare, “Anons sa a demontre ke endistri agrikòl ak sektè tretman pwodwi alimantè rejyon Finger Lakes la vrèman renonme atravè Eta New York la ak atravè peyi nou an. Desizyon RealEats America pran pou yo agrandi aktivite yo nan Vil Geneva, ki se kè yon rejyon ki deja gen bon repitasyon pou manje ak bwason

dinamik yo gen pou ofri yo, pral pote plis enpòtans ak notoryete pou kominote nou an. Rejyon Finger Lakes la pral benefisye anpil de 400 nouvo djòb sa yo ak efè repèkasyon ekonomik y ap genyen yo. Mèsi Dan Wise ak tout moun ki te rann desizyon sa a posib.”

Brian Kolb, ki se Lidè Minorite Asanble a, te deklare, “Agrandisman RealEats ap fè nan Vil Geneva se yon bèl egzant ki montre konfyans mityèl konpayi an genyen nan rejyon nou an ak konfyans kominote a fè pwodwi li yo. Nou ap byen apresye nouvo djòb ki pral akonpaye kwasans sa a, ansanm ak tout avantaj konplemantè ki asosye ak sikse konpayi a ap kontinye jwenn lan. Mwen pa gen okenn dout ke patenarya sa a pral benefisye tout rejyon Finger Lakes la nèt epi mwen felisite tout moun k ap patisipe ladan yo.”

Direktris Minisipal Vil Geneva, Sage Gerling te deklare, “Vil la apresye patenarya nou fè ak Eta a, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, ak patenarya pou devlopman ekonomik Konte Ontario a paske nou ankouraje agrandisman RealEats ap fè anndan kizin Vil la. Investisman k ap fèt nan enfrastrikti devlopman ekonomik kominotè sa yo ap fè valse espri antreprenaryal florisant Distri Inovasyon Pwodwi Alimantè ak Bwason Rejyon Finger Lakes la (Finger Lakes Food and Beverage Innovation District) isit la nan Geneva.”

Ansyen Senatè Eta a, Mike Nozzolio te deklare, “RealEats pote enèji, lajwa, ak djòb nan sektè alimantè dinamik Geneva ak nan rejyon Finger Lakes la. Lè yo melanje bon jan engredyan alimantè yo kiltive nan rejyon an yo, repa klas mondyal chèf kizinye prepare, ak kòmman dirèk sou entènèt plis livrezon adomisil, RealEats se yon pwodikte travay pou rejyon nou an jodi a, epi li nan pozisyon pou l sèvi kòm yon kontribitè enpòtan pou avni ekonomik rejyon Finger Lakes la.”

John Johnson, kise Direktè Egzekitif Pak Teknoloji Agrikòl ak Alimantè Cornell la (Cornell Agriculture & Food Technology Park) te di, “Nou vrèman kontan anpil paske RealEats te chwazi Geneva ak rejyon Finger Lakes la kòm sant agrandisman yo a. Mache an kwasans rapid pou alimantasyon sen ak dirab la mande bon jan kalite engredyan ak preparasyon, epi rejyon Finger Lakes la pral pote bon fwi sou toude plan sa yo.”

W ap jwenn plis enfòmasyon sou RealEats disponib [la](#).

Akselasyon pwogram “Finger Lakes Forward”

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te investi deja plis pase 6.1 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsone ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta

a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)